


**Jou mwen kite lakay  
mwen pou'm ale lavil**



✎ Lesley Koyi, Ursula Natula

✉ Brian Wambi

📄 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 3

🗨️ kreyòl ayisyen ht



**Global Storybooks**

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)


**Jou mwen kite lakay mwen**

**pou'm ale lavil**

✎ Lesley Koyi, Ursula Natula

✉ Brian Wambi

📄 ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 4.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0)


<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0>





Ti estasyon otobis la nan kominote kote'm rete a chaje ak moun ak otobis. Atè a te chaje ak bagay pou mete nan otobis yo. Machann tikè yo tap rele non kote otobis yo ta prale.

“Lavili Lavili Direksyon Iwesi Yonn  
nan machann yo di non kote mwen  
ta prale a.






Otobis lavil la te prèske plen, men moun tap pouse toujou pou yo monte. Kèk nan yo mete sak yo anba otobis la, lòt te mete pa yo sou etajè anndan otobis la.




Otobis retou a te plen deja. Li te pare pou'l tounen nan direksyon lès. Sa ki te pi enpòtan pou mwen lè sa a se te kòmanse chache lakay kote tonton'm nan rete.

Nouvo pasaje yo kenbe tikè yo di  
 nan men yo pandan yap chache  
 kote pou yo chita nan otobis la.  
 Fanm ak jèn timoun tap ranje kò yo  
 pou wwayaj long sa a.



Nèf èdtan apre, mwen leve lè mwen  
 tande yon moun ap rele non pasaje  
 yo. Mwen rannase ti sak mwen  
 epim desann otobis la.







Mwen chita bò kote yon fenèt. Yon granmoun te chita akote'm. Li tap kenbe yon sak plastik vèt byen fèmen. Li te gen vye sapat nan pye'l ak yon manto chire. Li te gen yon jan eksite.



Sou wout la, mwen tap sonje adrès kote tonton'm nan rete lavil. Mwen tap repete non an nan tèt mwen epi mwen tonbe dòmi.



Mwen gade deyò enpi se lè sa  
mwen santi ke mwen tap kite  
kominote mwen an, kote'm te  
grandi. Mwen ta pral lavil.



Mwen, lesprim toujou tounen sou  
lakay mwen. Èske manman'm an  
sekirite? Èske lapen mwen yo ap bay  
lajan? Èske frè'm ap sonje wouze ti  
pyebwa mwen te plante yo?




Otobis lan te fin plen. Tout pasaje yo te chita. Machann lari tap eseye pase nan koulwa a pou yo vann dènye machandiz yo. Chak moun tap rele non machandiz pa yo. Pou mwen tout mo sa yo te komik.




Li te kòmanse fè cho nan otobis la. Mwen fèmen je'm pou'm eseye dòmi.





Kèk pasaje tap achte bwason oswa ti manje. Men, moun ki pa te gen lajan, tankou mwen, rete gade.



Lè otobis la kite estasyon an, mwen gade deyò epi mwen mande tèt mwen si'm tap janm tounen lakay mwen ankò.



Tout aktivite kanpe lè otobis la kòmanse klaksonen, sa vle di ke nou pare pou'n ale. Machann tikè yo mande machann lari yo sòti nan otobis la.



Machann yo tap batay pou yo sòti. Kèk nan yo tap remèt klyan lajan alòs ke lòt tap fè dènye tantativ pou yo vann ankò.